Dáslepki maǵlıwmatlarǵa bola, 2026-jıldıń yanvar-iyun aylarında Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha jalpı aymaqlıq ónim (keyingi orınlarda - JAÓ) kólemi ámeldegi bahalarda 32 383,9 mlrd. somdı quradı hám 2025-jıldıń yanvar-iyun ayları menen salıstırǵanda 10,2 % ke ósti.

JAÓ deflyator indeksi 2025-jıldıń yanvar-iyun ayları bahalarına salıstırǵanda 111,3 % ti quradı.

Ózbekstan Respublikası boyınsha JAÓ niń qáliplesiwinde Qaraqalpaqstan Respublikasınıń qosqan úlesi 3,0 % ke jetti.

## 2026-jıldıń yanvar-iyun aylarında Qaraqalpaqstan Respublikasında islep shıǵarılǵan jalpı aymaqlıq ónim






- JAÓ ósim páti
- JAÓ kólemi
- JAÓ deflyator indeksi
- JAÓge qosqan úlesi

## 2026-jıldıń yanvar-iyun aylarında ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha JAÓ niń islep shıǵarıw kólemi hám ósim pátleri

| | Mlrd. som | | Ósim pátleri, Ótken jılǵa salıstırǵanda, % te |
|---|---|---|---|
| | 2025-jıl | 2026-jıl | |
| **I. JAÓ, jámi** | **26 399,0** | **32 383,9** | **110,2** |
| *sonnan:* | | | |
| tarawlardıń jalpı qosılǵan qunı | 25 852,4 | 31 646,1 | 110,2 |
| Ónimlerge bolǵan salıqlar | 546,6 | 737,8 | 113,1 |
| **II. Tarawlardıń jalpı qosılǵan qunı** | **25 852,4** | **31 646,1** | **110,2** |
| **awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı** | **6 301,4** | **8 581,8** | **106,0** |
| **sanaat (qurılıstı qosqan jaǵdayda)** | **6 892,4** | **8 085,9** | **116,2** |
| sanaat | 5 049,2 | 5 372,9 | 107,5 |
| qurılıs | 1 843,2 | 2 713,0 | 140,2 |
| **xızmetler** | **12 658,6** | **14 978,4** | **108,9** |
| sawda, jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmetler | 4 484,1 | 5 257,8 | 111,1 |
| tasıw hám saqlaw, málimleme hám baylanıs xızmetleri | 1 546,7 | 2 112,3 | 131,2 |
| basqa xızmetler | 6 627,8 | 7 608,3 | 102,2 |

Tómende keltirilgen infografikadan kórinip turǵanı sıyaqlı, xalıq jan basına esaplanǵan JAÓ 15 740,7 mıń somdı qurap hám bul kórsetkish ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 9,0 % kóbeygen.

## 2026-jıldıń yanvar-iyun aylarında xalıqtıń jan basına esaplanǵan JAÓ niń kólemi
*(mıń somda)*

| | |
|---|---|
| 2025-jıl | 12 971,2 |
| 2026-jıl | 15 740,7 |

## 2026-jıldıń yanvar-iyun aylarında xalıqtıń jan basına esaplanǵan JAÓ niń ósim pátleri
*(ótken jılǵa salıstırǵanda, % te)*

| | |
|---|---|
| 2025-jıl | 3,8 % |
| 2026-jıl | 9,0 % |

## Yanvar-iyun aylarında ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha JAÓ nıń quramı
*(jámine salıstırǵanda % te)*

| | 2025-jıl | 2026-jıl |
|---|---|---|
| **I. JAÓ, jámi** | **100,0** | **100,0** |
| *sonnan:* | | |
| tarawlardıń jalpı qosılǵan qunı | 97,9 | 97,7 |
| ónimlerge bolǵan salıqlar | 2,1 | 2,3 |
| **II. Tarawlardıń jalpı qosılǵan qunı** | **100,0** | **100,0** |
| **awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı** | **24,4** | **27,1** |
| **sanaat (qurılıstı qosqan jaǵdayda)** | **26,6** | **25,6** |
| sanaat | 19,5 | 17,0 |
| qurılıs | 7,1 | 8,6 |
| **xızmetler** | **49,0** | **47,3** |
| sawda, jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmetler | 17,3 | 16,6 |
| tasıw hám saqlaw, málimleme hám baylanıs xızmetleri | 6,0 | 6,7 |
| basqa xızmetler | 25,7 | 24,0 |

2026-jıldıń yanvar-iyun aylarında aymaq ekonomikasınıń barlıq tarmaqlarında jaratılǵan jalpı qosılǵan qun (JQQ) kólemi ulıwma JAÓ niń 97,7 % in, ónimlerge sap salıqlar bolsa 2,3 % in quradı.

Esabat dáwirinde awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵınıń JAÓ niń tarmaqlar boyınsha quramındaǵı úlesi 27,1 % ti, sanaat tarawı 17,0 % ti, qurılıs 8,6 % ti hám xızmetler tarawı 47,3 % ti quradı.

## Yanvar-mart aylarında ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha JAÓ quramı *(jámine salıstırǵanda % te)*







Jalpı qosılǵan qunı

Ónimlerge bolǵan salıqlar

JAÓ ósiwine awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı tarmaǵı 1,4 p.p. (2025-jıldıń yanvar-iyun aylarında - 0,5 p.p.), sanaat tarawı – 1,4 p.p. (2025-jıldıń yanvar-iyun aylarında – 0,5 p.p.), qurılıs tarawı – 2,8 p.p. (2025-jıldıń yanvar-iyun aylarında – 0,5 p.p.) hám xızmet kórsetiw tarawı – 4,3 p.p. (2025-jılda – 3,5 p.p.) unamlı úles qostı.

Ónimlerge bolǵan salıqlardıń ósiwi esabına JAÓ 0,3 p.p. (2025-jıldıń yanvar-iyun aylarında - 0,2 p.p.)ke kóbeygen.

## 2026-jıldıń yanvar-iyun aylarında JAÓ ósiwinde tarmaqlardıń úlesi
*(jámine salıstırǵanda % te)*



# JALPÍ AYMAQLÍQ ÓNIMDI ISLEP SHÍǴARÍW



2026-jıldıń yanvar-iyun aylarında JAÓ niń ósiwi aymaq ekonomikasınıń tiykarǵı tarmaqlarıdaǵı unamlı ósiw pátleri menen baylanıslı. Ósiw pátleri awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵında 106,0 % (JAÓ niń tarmaqlar boyınsha quramındaǵı úlesi – 27,1 %), sanaatta – 107,5 % (úlesi 17,0 %), qurılısta – 140,2 % (úlesi 8,6 %), xızmetler tarawında – 108,9 % ti (úlesi 47,3 %) quradı. Xızmetler tarawı quramında ósiw pátleri sawda, jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmetlerde 111,1 % (úlesi 16,6 %), tasıw hám saqlaw, málimleme hám baylanıs 131,2 % (úlesi 6,7 %) xızmet kórsetiwshi basqa tarawlarda 102,2 % (úlesi 24,0 %) ten ibarat boldı.

## Yanvar-iyun aylarında JAÓ niń ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha ulıwma ósim pátleri

*(ótken jılǵa salıstırǵanda, % te)*

| 2025-j. | | 2026-j. |
|---|---|---|
| 5,2 % | JAÓ | 10,2 % |
| 3,7 % | Awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı | 6,0 % |
| 2,2 % | Sanaat | 7,5 % |
| 5,7 % | Qurılıs | 40,2 % |
| 6,7 % | Xızmetler | 8,9 % |

# JALPÍ AYMAQLÍQ ÓNIMDI ISLEP SHÍǴARÍW



2026-jıldıń yanvar-iyun aylarında JAÓ deflyatorı indeksi 2025-jıldıń yanvar-iyun aylarındaǵı bahalarǵa salıstırǵanda 111,3 % ti quradı. JAÓ deflyatori indeksiniń eń joqarı kórsetkishleri Awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı – 128,5 % hám xızmetlerda – 108,6 % ti quradı.

## Yanvar-iyun aylarında JAÓ niń ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha deflyator indeksi

*(ótken jılǵa salıstırǵanda, % te)*

| | 2025-j. | 2026-j. |
|---|---|---|
| JAÓ | 107,0 % | 111,3 % |
| Awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı | 110,2 % | 128,5 % |
| Sanaat | 103,7 % | 99,0 % |
| Qurılıs | 105,9 % | 105,0 % |
| Xızmetler | 109,6 % | 108,6% |

# JALPÍ AYMAQLÍQ ÓNIMDI ISLEP SHÍǴARÍW



2026-jıldıń yanvar-iyun aylarında kishi isbilermenliktiń kólemi 20 970,5 mlrd. somlıq bolıp *(2026-jıldıń yanvar-iyun aylarında – 16 781,3 mlrd. som)*, JAÓ degi úlesi 66,3 % ti *(2025-jıldıń yanvar-iyun aylarında – 64,9 %)* quradı.

Kishi isbilermenliktiń JAÓ degi úlesiniń ótken jılǵa salıstırǵanda ósiwi iri kárxanalar úlesiniń azayıwı menen baylanıslı.

## Yanvar-iyun aylarında kishi isbilermenliktiń kólemi hám JAÓ degi úlesi

*(jámine salıstırǵanda % te)*



| | Kólemi, mlrd. som | Úlesi, % te |
|---|---|---|
| 2025-jıl | 16 781,3 | 64,9 % |
| 2026-jıl | 20 970,5 | 66,3 % |

